# QARATPA AǴZALAR HÁM ONÍŃ MORFOLOGIYALÍQ BILDIRILIWI TEMASÍN INTERAKTIV OYÍN-SHINIǴIWLAR ARQALÍ OQÍTÍW

**Begjanova Shaxida Teńelbayovna**
*Qońırat rayonı 9-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebiniń qaraqalpaq tili páni oqıtıwshısı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.17704450

***Annotaciya:*** *Maqalada qaratpa aǵzalardı nátiyjeli oqıtıw ushın interaktiv usıllardan paydalanıwdıń áhmiyeti tallanadı. Qaratpa aǵzalar sóylesiwdiń áhmiyetli quram bólegi bolıp, oqıwshılarǵa sóylew mádeniyatın qáliplestiriw, durıs sóylesiw hám tıńlawshı insannıń dıqqatın ózine qaratıw ushın sózlerden durıs paydalanıwdı úyretedi. Interaktiv qatnaslar járdeminde oqıwshılardıń logikalıq bilimleri, sóylewde qaratpa aǵzalardı durıs paydalanıw hám jazba sóylewde irkilis belgilerin durıs qollanıw sıyaqlı kónlikpelerdi payda etedi. Sonday-aq, bul usıllar oqıwshılardıń belsendiligin arttırıw, olardıń sóylesiwge bolǵan isenimin bekkemlew hám úyrenilgen bilimlerin ámeliyatta qollanıw imkaniyatın beretuǵını atap ótiledi.*

***Tayanısh sózler****: interaktiv, kommunikaciya, «Fonar» metodı, «Oyla, izlen, ornına qoy» shınıǵıwı, mozayka , muz jarar metodı, intervyu metodı.*

***Annotation:*** *The article analyzes the importance of using interactive methods for effective teaching of reference members. Words are an important component of communication and teach students to develop a culture of speech, to speak correctly, and to use words correctly to attract the attention of the listener. With the help of interactive communication, students develop logical knowledge, skills such as the correct use of addressing elements in speech and the correct use of punctuation marks in written speech. It is also emphasized that these methods increase student engagement, strengthen their confidence in communication, and allow them to apply their acquired knowledge in practice.*

***Keywords****: interactive, communication, «Lamp» method, «Think, search, put it in its place» exercise, mosaic, icebreaker method, interview method.*

***Аннотация:*** *В статье анализируется важность использования интерактивных методов для эффективного обучения членов группы. Словосочетания являются важной составляющей общения и учат учащихся формировать культуру речи, правильно говорить и правильно использовать слова для привлечения внимания слушателя. С помощью интерактивных коммуникаций учащиеся приобретают такие навыки, как логические знания, правильное использование обращений в речи и правильное использование знаков препинания в письменной речи. Также отмечается, что эти методы повышают активность учащихся, укрепляют их уверенность в общении и позволяют применять полученные знания на практике.*

***Ключевые слова:*** *интерактивный, коммуникация, метод «Фонарь» упражнение «Думай, ищи, поставь на место» мозаика, метод ледокола, метод интервью.*

Zamanagóy jámiyette hárqanday jaǵdayǵa tez iykemlese alatuǵın, mashqalalardı sheshiwge, qararlar qabıllawǵa, sın pikirlewge, ideyalardı nátiyjeli almasıwǵa hám gruppa hám jámáát retinde islewge ilayıq bolǵan insanlarǵa mútájlik bar. Sol sebepli zamanagóy tálimge bolǵan talaplar bir shaxstıń bilimlerin basqa shaxsqa uzatıw emes. Házirgi waqıtta oqıwshılarǵa tayın maǵlıwmattı beriw emes, al onı alıw, túsiniw hám

qollanıw usılların beriw kerek, nátiyjede ol ózin jáne de rawajlandırıw ushın zárúr bolǵan bilimlerdi alıw jolların ózlestiredi. Oqıwshılardı dóretiwshilik, aktivlik, pikirlew qábiletin rawajlandırıwǵa xızmet etetuǵın há rqıylı interaktiv oyınlar hám shınıǵıwlardan paydalansaq, maqsetke muwapıq boladı.

Qaratpa aǵzalar hám olardıń morfologiyalıq bildiriliwi temasın oqıtıwda da birneshe interaktiv shınıǵıwlardan paydalanıw arqalı olardıń bir neshe kónlikpeleri rawajlanadı. Mısalı, oqıwshılardıń sóylew mádeniyatın rawajlandırıw. Qaratpa aǵzalar adamlar arasında óz ara qatnasıqta húrmet, itibar hám shın kewilliktiń kórinisi bolıp, olardı durıs qollanıw mádeniyatlı sóylewdi qáliplestiredi.

«Qaratpa aǵzalar hám olardıń morfologiyalıq bildiriliwi» temasın oqıtıw boyınsha bir saatlıq sabaq islenbesi

**Sabaqtıń túri**: Jańa bilim beriwshilik

**Sabaqtıń uranı**: Oqıp alma, uǵıp al

**Sabaqtıń maqseti**:

**Bilim beriwshilik maqseti**: Oqıwshılarǵa qaratpa aǵzalar haqqında, olardıń qaysı sóz shaqapları arqalı biliriliwin, ne ushın qanday orınlarda paydalanıwımız haqqında jańa bilim hám kólikpelerdi payda etiw;

**Tárbiyalıq maqseti**: Oqıwshılardı toparlarda jumıs islewge, bir-biriń pikirin húrmet etiwge, doslıq qatnasta bolıwǵa shaqırıw;

**Rawajlandırıwshılıq maqset:** Oqıwshılardıń pikirlewi hám onı jetkerip beriw qábiletlerin, topar menen óz betinshe izleniw kónlikpelerin rawajlandırıp barıw;

**Sabaqta paydalanatuǵı metodlar**: «Fonar» metodı, «Oyla, izlen, ornına qoy» shınıǵıwı, mozayka, muz jarar metodı, intervyu metodı,

**Sabaqtı qurallandırıw:** sabaqlıq, kespe qaǵaz, reńli fotosúwret, stikerler, fonar.

**Sabaq barısı:**

**Shólkemlestiriw:** Oqıwshılardı dizim boylap barlap, klass tazalıǵın kózden ótkerip sabaqtı baslaymız. Oqıwshılardı «Fonar» metodınan paydalanıp toparlarǵa bólemen. Hár túrli súwretlerdi (gúller, haywanatlar) qaǵazǵa shıǵarıp, mayda-mayda bólekshelerge bólip alamız. Qaǵazdıń súwreti bar tárepine taza aq qaǵaz jabıstıramız. Qaǵazdıń eki tárepinde de hesh jazıw bolmaydı. Al, endi bul qaǵazlardı fonarikke tutsaq, jasırınǵan jazıw kórinedi. Bul shawqımsız toparlarǵa bóliwde jaqsı nátiyje beredi.










**Úyge tapsırmanı soraw**: Oqıwshılarǵa I.Yusupovtıń «Poezd emes eldiń dáwleti keldi» qosıǵın yadlap keliw tapsırılǵan edi. Tapsırmanı Learning apps.

programmasında tayarlanǵan «mozayka» metodında tayarlanǵan shınıǵıwdı orınlataman. Eki topar da óz aldına qosıq qatarların izbe-iz qoyıw kerek boladı.

https://learningapps.org/display?v=po0k1gf9c25 usı berilgen

QR kodın skaner etiw arqalı yamasa silteme menen kiredi. Nátiyjede tómendegishe tapsırma úlgisi payda boladı.

Qaysı topar birinshi hám durıs islegenine qarap bahalaw kartochkaların berip ótemen.

**Taza tema:** Qaratpa aǵzalar hám olardıń morfologiyalıq bildiriliwi.

Oqıwshılarǵa «Muz jarar» metodınan paydalanıp birneshe sorawlar beremen. Mısalı, Oqıwshılar degende qanday ózgeris boldı. Iskandar, juwap bereseń be? Qáne, kim aytadı? balalar. Bazar apa, sizdi bir minutqa bola ma? Sıyaqlı sorawlar beriliwi múmkin. Bunda oqıwshılar mısallardaǵı oqıwshılar, Iskandar, balalar, Bazar apa degen sózlerdi aytqanda sol adamlar qaraydı hám tıńlaydı kibi juwaplardı beriwi múmkin. Demek, bul ajıratılıp kórsetilgen sózler qaratpa aǵzalar bolıp esaplanadı dep taxtaǵa búgingi temamızdı jazamız.

Qaratpa aǵzalar aytılajaq pikirge basqanıń dıqatın awdarıw, qaratıw ushın sóylewshi tárepinen qollanıladı. Sóylewshiniń dıqqatı qaratılǵan adam yamasa basqa bir zatlardı, qubılıslardı bildiretuǵın sózlerge qaratpa aǵzalar deymiz. Qaratpa aǵzalar barlıq jaǵdayda da gáp ishinde útir arqalı bólinip jazıladı. Olar gáptiń basında kelse keyninen, ortada kelse eki jaǵınan, keyninde kelse aldınan útir qoyıladı.

Turdan, sen mına túyinshiklerdi qaltańa sal.
Mexanizator, mártlik iske jawlan ur!
Sózge túsinbey, Jılgeldi aǵa, kúlseń kule ber.
Sıylıǵıńız qutlı bolsın, joldaslar!
Bizlerdiń tilegimiz seniń názeriń bálent bolǵay, ulım.

**https://wordwall.net/resource/87243802**

Berilgen QR kod arqalı oqıwshılar Wordwall platformasında islengen «Oylan, Izlen, Ornına qoy» shınıǵıwın orınlaw arqalı qaratpa aǵzalardıń keliw ornın, qollanılatuǵın sózlerdi ornı menen qoyıwǵa úyrenedi.

**Temanı bekkemlew**:

Oqıwshılar menen temanı jáne de bekkemlew ushın bir neshe shınıǵıwlar isleymiz. Aldı menen toparlarǵa fotosúwretler beriledi. Usı súwrette kórsetilgen jaǵdaylarda qanday qaratpa aǵzalar paydalanıw múmkin bolsa, hámmesin dápterlerine jazıwların aytaman. Jazıp bolǵannan soń qaysı topar kóp sóz jazǵanın oqıttırıp bahalap ketemen.

Ekinshi tapsırma etip usı súwrette kórsetilgen jaǵdaylarınıń qálegen birewin róllerge bólip, topar aǵzaları menen orınlap beriwleri kerek boladı. Bul shártte qaysı topar qaratpa aǵzalardı ornı menen kóp qollana alǵanları joqarı ball menen bahalanadı. Bul shártti orınlaw ushın oqıwshılarǵa oylasıw ushın 1 minut, saxnalastırıp kórsetiw ushın hárbir toparǵa 2 minuttan waqıt beriledi.

**Bahalaw:** Oqıwshılardı bahalaw ushın hár bir toparǵa berilgen kartochkalardı sanaymız. Qaysı toparda kóp jıynalǵan bolsa, sol topar jeńimpaz boladı. Topar ishinde eń belsendi qatnasqan oqıwshılardı da oqıwshılar arqalı anıqlap alaman. Olardı búgingi sabaqtıń juldızları dep, alǵan bahalarına qosımsha jáne bir «5» bahasın qoyıp beremen.

**Úyge tapsırma beriw**: Oqıwshılarǵa úyge tapsırmaǵa «Inerviyu usılı»nan paydalanaman.

- Oqıwshılar ózleri qálegen adamı menen (shańaraq aǵzası, dostısı, muǵallimi, tariyxıy shaxslar) sáwbetlesiw ótkeredi.

- Sáwbetlesiw dawamında keminde 5-6 qaratpa aǵzadan paydalanıw kerek boladı.
- Sáwbetlesiwdi dialog formasında jazıp keliw, audio yamasa video kórinisinde tayarlawı múmkin

Olarǵa tómendegishe temalardı usınıs etiwimiz múmkin:

1. Balalıqtaǵı umıtılmas waqıyalar (apası, atası, ákesi yaki anası menen)
2. Keleshektegi kásibimiz (dosları, klaslasları menen)
3. Meniń súyikli sportım yáki kinofilimim ( oqtıwshıları, dosları menen)
4. Mektebimiz tariyxı (mektep direktorı yáki nuranıy ustazlar menen)

Usılayınsha úyge tapsırma shárti túsindiriledi hám sabaq juwmaqlanadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Berdimuratov E., Pirniyazov Q. Orta mekteplerde qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikası. Nókis-1999.
2. Ǵulomov A. Ona tilin óqitish princplari. Toshkent-1995
3. Qutlımuratov B. Qaraqalpaq tilin oqıtıwdıń ayırım máseleleri. Nókis-2000.
4. M.Dáwletov, SH.Allaniyazova, D.Seytqasimov, A.Dáwletova. Oqıw basqa tillerde alıp barılatúǵın klaslar ushın 8-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" 2019
5. U.Embergenov. Qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikası. Nókis-2016